NAN MOMAN AN, KANTITE KA LAWOUJÒL AP OGMANTE RAPID

Lawoujòl ap vale teren

Lawoujòl se yon maladi ki kontajye anpil. Kòz maladi sa a se yon viris. Li kapab danjere pou ti bebe epi pou timoun piti. Pwoteje fanmi ou epi kominote ou.

Maladi lawoujòl kapab pwopaje nan lè an si yon moun malad touse oswa etènye. Viris lan kapab rete nan lè an pandan 2 èdtan apre yon moun ki gen lawoujòl deplase kite espas lan. Li tèlman kontajye 9 sou 10 moun ki nan menm espas avèk yon moun ki gen lawoujòl epi ki san pwoteksyon pral vin enfekte tou.

Maladi lawoujòl parèt 7 a 14 jou apre kontak avèk viris lan. Pami sentòm lawoujòl ki pi kouran yo genyen:

Gwo lafyèv
(li kapab depase 104°F)

Touse

Nen koule

Zye wouj epi/ oubyen kap koule dlo

Eripsyon bouton grate sou po
(li kòmanse 3-5 jou apre sentòm yo kòmanse)

Lawoujòl kapab lakòz pwoblèm sante grav tankou:

Nemoni

Sèvo anfle
(ansefalit)

Li kapab lakòz menm lanmò tou

Pi bon fason pou pwoteje kont lawoujòl...

Se avèk vaksen kont lawoujòl, malmouton, epi ribeyòl (MMR). Li pa janm twò ta pou moun pran vaksen an. Vaksen an ede pwoteje ou, moun nan antouraj ou, epi kominote ou. Si ou pa ko pran vaksen, konsidere rete lakay ou oubyen evite frekante gwo foul moun omwen jiskaske ka lawoujòl yo nan zòn lan diminye, sitou pou pwoteje moun ki riske tonbe malad anpil avè l.

Si ou panse oumenm oswa yon moun nan fanmi ou genyen maladi lawoujòl, evite frekante lòt moun epi telefone yon pwofesyonèl swen sante, yon klinik swen ijan oswa yon sal dijans.